

Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON KONSTRIKSYON NAN WOUT AK PON  
YO PANDAN WIKENN JOUNEN KOMEMORATIF LAN**

***Y ap limite fèmti vwa ki an rapò ak konstriksyon yo pou fasilite vwayaj yo pandan  
wikenn fèt la***

***Gouvènè a ankouraje otomobilis yo pou yo ralanti epi mete kò yo sou kote pou  
veyikil dijans ak antretyen ki sou bò wout la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse fèmti vwa pwovizwa yo pou pwojè konstriksyon sou wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo pral sispansyone apatide 6 a.m. nan Vandredi 24 Me pou rive 6 a.m. nan Madi 28 Me, yon fason pou akomode vwayaj ki ogmante yo pandan wikenn Jounen Komemoratif la (Memorial Day). Sispansyon konstriksyon yo ap soutni inisyativ "Drivers First" (Chofè yo an Premye) Gouvènè Cuomo a, ki priyorize komodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon ak reta vwayaj yo akòz travay k ap fèt sou pon ak wout yo. Chofè yo ta dwe sonje ke nan kèk ka, travay sou wout yo kapab kontinye dèyè baryè an beton pèmanan yo oswa pou reparasyon ijans yo. Gouvènè a te egzòte otomobilis yo tou pou yo obeye Lwa Mete W Sou Kote (Move Over Law) New York la epi pou yo itilize 64 espas pou rete pou voye tèks yo ki genyen nan tout eta a lè yo bezwen voye tèks, fè apèl telefonik ak lòt aktivite yo pa dwe fè lè y ap kondwi.

"Wikenn Jounen Komemoratif la se youn nan wikenn ki gen plis vwayaj pandan ane a epi nou vle fè tout sa nou kapab pou ede Nouyòkè yo rive nan destinasyon vakans yo san danje epi avèk reta minimòm", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "M ankouraje tout moun ki sou wout yo wikenn sa a pou yo kondui ak pridans, pou yo sonje mete kò yo sou kote pou veyikil dijans ak antretyen bò wout la epi pou yo rete nan espas pou voye tèks yo pou evite konduit distrè."

Lwa Mete W Sou Kote New York la egzije pou otomobilis yo kondui avèk pridans, ralanti, epi mete yo sou kote san danje lè y ap pwoche veyikil fòs lòd, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, ak veyikil konstriksyon oswa mentnans ki kanpe sou bò wout yo nan tout eta a. Yo te adopte lwa a an 2010 pou kapab pwoteje premye entèvenan yo epi yo te elaji li an 2011 pou ajoute operatè remòkè yo ak moun ki ap travay sou otowout yo. Yo te elaji li depi lè sa pou enkli yon pakèt seri veyikil ijans ak pou danje yo.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan pak estasyonman yo, espas arè pou repoze yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ak sou Thruway Eta New York lan, ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondui yo. Tout espas pou rete pou voye tèks yo pral rete ouvri, epi ofri yon kote pou chofè yo kapab an tout sekirite epi ak tout komodite itilize telefòn yo ak lòt aparèy mobil pou fè apèl, voye tèks,

navige sou entènèt epi aksede a aplikasyon mobil yo. Li patikilyèman danjere pou voye tèks pandan w ap kondwi, poutèt sa egzije otomobilis lan pou retire je li sou wout lan, lage volan an epi dekonsantre sou kondui.

**Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation, NYSDOT), Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Sekirite piblik k ap vwayaje a se toujou yon priyorite Depatman Transpò Eta New York la epi nou vle pou tout otomobilis rive nan destinasyon yo wikenn sa a avèk deranjman ak reta minimòm. Mwen ankouraje vwayajè yo pou yo itilize sit entènèt 511NY lan pou ede planifye vwayaj yo epi pou yo evite distraksyon pandan y ap kondui".

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta New York la (New York State Thruway Authority), Matthew J. Driscoll, te deklare,** "Wikenn Jounen Komemoratif sa a, nou vle garanti tout otomobilis yo jwi vwayaj yo san danje sou Thruway a pou yo rive nan destinasyon yo. Pandan travay konstriksyon an ap fè yon ti sispann pandan wikenn konje long lan, n ap ankouraje otomobilis yo pou yo rete vijilan, ralanti, vwayaje avèk pridans nan zòn travay yo, epi mete kò yo sou kote lè gen veyikil dijans bò wout la, epi pou yo pa kondui pandan yo distrè. [Aplikasyon mobil](#) Thruway a kapab ede otomobilis yo planifye yon vwayaj san danje tou."

AAA [prevwa](#) gen prèske 43 milyon moun ki pral vwayaje pandan wikenn Jounen Komemoratif sa a - pi gwo volim sikilasyon an depi AAA te kòmanse suiv an 2000 - epi li estime gen apeprè 37.6 milyon nan yo ki pral vwayaje nan machin.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li an, ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj yo an tan reyèl, otomobilis yo ta dwe verifye sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la, 511NY, anvan yo vwayaje. Rele 5-1-1, ale sou sit wèb 511 an [isit la](#), oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la sou iTunes oswa sou Google Play. Sèvis gratis la ap pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo, gade kamera sikilasyon yo ak lyen a enfòmasyon ayeryèn ak sou transpò yo. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondui (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout si gen ensidan osinon konstriksyon.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)